


Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun

Lahirna Gusti Yesus



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku: M. Maillot

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Disaluyukeun ku: E. Frischbutter; Sarah S.

Carita nomer 36 dugi 60

www.M1914.org

Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu,
salami sanes kanggo tujuan komersil.

Sundanese

Kapungkur Allah ngutus malaikat
Gabriel kahiji parawan anau namina
Maria. Anjeuna nyarios ka Maria
"Anjeun bakal boga anak anu
bakal dijenengan Yesus.

Mantena bakal disebut

Putra Allah

anu Maha

Agung,

Mantena

kawasa

salalamina."



1

"Kumaha carana?" Maria naros ka
malaikat anjeuna heraneun "Abdi
teh pan teu acan gaduh caroge."
Malaikat nyarios ka Maria, yen
eta Murangkalih teh
sumpingna ti Allah,
sanes ti jalma
biasa.



2

Malaikat oge nyarios ka Maria yen saderekna anu namina Elisabeth oge bakal gaduh putra, sanaos yuswana tos sepuh. Ieu teh mangrupikeun mujijat oge. Teu lami ti harita Maria sumping ka bumi Elisabet, aranjeuna muji Allah sasarengan.



3

Maria teh tos tunangan sareng saurang pameget anu namina Yusuf. Yusuf ngemut yen orok anu dikandung ku Maria teh pasti sanes putra Yusuf, tapi putra ti pameget sanes.



4

Yusuf ngimpen, dina impenanana malaikat Allah nyarios ka Yusuf yen Orok anu di kandung ku Maria teh nyaeta Putra Allah. Tugas Yusuf nyaeta kedah ngabantosan Maria ngarorok Yesus.



5

Yusuf percanten, anjeuna taat ka Allah. Anjeuna oge Taat kana aturan nagara. Kumargi aya aturan enggal, Yusup sareng Maria kedah angkat ka kota asal aranjeuna, nyaeta Betlehem, kanggo mayar pajak.



6

Maria tos ampir bade nagalahirkeun. Tapi Yusuf teu kening tempat anu tiasa dijantenkeun tempat lahiran Maria, sadaya tempat



tos parinuh.

7

Yusuf ahirna mendakan kandang sasatoan. Di tempat eta teh Yesus dibabarkeun. Ibuna ngabobokeun Yesus dina tempat nyatuan sato.



8

Di caket eta, aya pangangon-pangangon anu nuju karulem. Malaikat nyumpingan eta pangangon teras ngadugikeun warta anu sae pisan.



9

"Poe ieu geus medal pikeun maraneh di Kota Daud, saurang Juru Salamet, nyaeta Gusti Kristus. Maneh bakal manggihan aya Orok anu diebogkeun dina pamakanan."




10

Nuju kitu kaluar malaikat-malaikat anu hurung cahayaan, muji ka Allah "Mulyakeun Allah di langit nu pangluhurna, di bumi sing aya kerta keur sakur manusa anu kamanah ku Allah."




11

Pangangon-pangangon teh teras wae ka kandang eta. Saatos ningal Orok Yesus, aranjeuna masihan terang ka unggal jalmi anu papendak sareng aranjeuna, naon-naon anu di saurkeun ku Malaikat ngeunaan Yesus.



12


Opat puluh poe ti harita, Yusuf sareng Maria nyandak Yesus ka Bait Allah di Yerusalem. Didinya teh aya saurang jalmi anu namina Simeon.




13

Simeon muji ka Allah waktos ningal Yesus, aya oge anu namina Anna, saurang badega Gusti, Anna oge ngucap syukur waktos ningal Orok Yesus.

Duanana terangeun yen Yesus teh Putra Gusti Juru Salamet anu tos dijangjikeun.



14



Yusuf masihan kurban 2 japati. Kurban ieu mangrupikeun hukum Allah anu nyebetkeun yen jalmi teu gaduh mah kedah nyandak japati waktos masrahkeun putrana di bait Allah.


15



Sababaraha waktos ti harita, aya bentang anu hurung cahayaan di belah wetan.


Bentang eta teh janten pitunjuk ka urang Majus waktos aranjeuna milari Yesus ka Yerusalem. "Dimana Raja urang Yahudi anu nembe dibabarkeun teh?"

16



Raja Herodes nguping wartos ngeunaan urang Majus tea, Raja Herodes reuwaseun pisan, enjeuna miwarang ka urang Majus sangkan masihan terang ka Raja upami tos mendakan Yesus.

17



"Kaula oge hayang muji Anjeuna" saur raja Herodes teh. Tapi Raja Herodes teh bohong, padahal mah Raja Herodes teh bade maehan Yesus.

18



Bentang anu aya dibelah wetan tea teh nunjukeun ka hiji tempat nyaeta bumina Yusuf sareng Maria, sepuhna Yesus. Urang Majus teras nyarembah, maruji, teras Yesus dipasih an hadiah nyaeta emas, sareng minyak seungit.

19



Allah ngemutkeun ka urang Majus sangkan mun uih teh ulah wawartos kasasaha. Herodes ambekeun pisan.


20

Herodes ngagaduhan tekad kudu maehan Yesus, raja anu bengis eta teh ahirna maehan sakabeh orok anu aya di Betlehem.



21

Tapi Herodes teu tiasa ngaraheutan Yesus, kumargi di emutkeun dina impenan, Yusup nyandak Maria sareng Yesus ka tempat anu aman nyaeta di Mesir.



22

Waktos raja Hererodes maot,



yusup nyandak deui Maria sareng Yesus kaluar ti Mesir. Aranjeuna hirup di kota alit anu namina Nazareth anu caket sareng danau Galilea.

23

Lahirna Gusti Yesus

Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Mateus 1-2; Lukas 1-2

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu masihan Caang." Psalm 119:130

Gusti uninga urang parantos milampah seueur kasalahan, anu ku Mantena disebat dosa. Hukuman akibat dosa teh nyaeta pati.

Gusti kalintang mikaasihna ka urang, dugika Anjeuna ngutus Putra-Na Yesus, kanggo pupus dina kai palang, kanggo mayar sagala hukuman urang. Yesus gugah tina maot teras angkat ka Sawarga. Ayeuna Gusti parantos ngahapunteun sagala dosa urang.

Upami Saderek hoyong kaluar tina sagala dosa Saderek, saurkeun ka Gusti : Nun Gusti, abdi percanten Yesus pupus dina kai palang tur ayeuna Mantena parantos hirup deui. Sumangga sumping kana kahirupan sim abdi, hapunteun sagala dosa abdi supados ayeuna abdi ngengingkeun hirup anu enggal, tur tiasa sasarengan sareng Gusti salalamina. Tuyen sim abdi supados tiasa hirup sakumaha kedahna abdi hirup salaku Putra Gusti. Amin.

Yoh 3:16

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten!